*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№61 (26513)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 9 апрель – хуымгæнæны мæйы 9 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 НЫСАНТÆ
*Æмархайд студенттимæ*
3 АХУЫРАД
*Мадæлон æвзаджы цырагъдар*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Ерыстæ дзюдойæ*

**Æмбырд**

## Уæлахизы бонмæ цæттæдзинад

**Хæстон парадæй, акцитæ «Æнæмæлгæ полкъ», «Сæ цæсгæмттæм сын бакæс», «Георгийы лентæ» æмæ æндæр хъуыддæгтæй Цæгат Ирыстон сбæрæг кæндзæн Фыдыбæстæйы Стыр хæсты советон адæмы Уæлахизы 81-æм аз.**

Æппæтадæмон бæрæгбонмæ цæттæдзинады фарстатæ равзæрстой республикон оргкомитет «Уæлахиз»-ы. Амыдта йæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Сæргълæууæг куыд радзырдта, афтæмæй ацы бæрæгбон нæ алкæй зæрдæйы дæр цæры, нацизмыл фæтыхуæвын æнцон нæ уыд.

«Нæ алкæмæн дæр цæвиттонау систы хæсты архайджытæ æмæ ветерантæ. Хъуамæ сæм æппынæдзух дæр нæ цæст дарæм. Уæдæ мемориалтæ, цыртдзæвæнтæ банывыл кæнын дæр ис боны фæткы. Уæлдай æргом аздахын хъæуы æрыгæтты хæстон-патриотон фарстатæм, аразын хъæуы тематикон уроктæ, скъолаты хъуамæ фæзыной тематикон къуымтæ», – фæбæрæг кодта Сергей Меняйло.

Хицауады Сæрдары хæдивæг **Александр Реутов** куыд загъта, афтæмæй Уæлахизы кадæн Дзæуджыхъæу æмæ районты скæндзысты 200-мæ æввахс алыхуызон зæрдылдарæн хъуыддаджы.

Дзæуджыхъæуы 9 майы цы хæстон парад уыдзæн, уырдæм Сергей Меняйлойы амындæй хъуамæ æрхоной Хетæгкаты Къостайы номхæссæг университеты Хæстон ахуырадон центры курсантты, скъолаты кадетты къæлæсты ахуырдзауты, хъазахъхъы минæвæртты. Уымæй дарддæр, Сæргълæууæг фæсидт Мидхъуыддæгты республикон министрадмæ, Уæрæсейы Национ гвардийы регионалон управленийы разамындмæ, цæмæй сæ номдзыддæр рæнхъонты рахоной Уæлахизы парадмæ.

Уæлахизы бон комкоммæ уагæй «Æнæмæлгæ полкъ»-ы архайджытæ Сабырдзинады проспекты рацæудзысты сæ кадджын фыдæлты, хиуæтты къамтимæ. Уыцы бон РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг фембæлдзæн Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ, фæсчъылдымы фæллойы ветерантæ æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытимæ. Уæлахизы боны размæ, 8 майы, дидинджытæ кадджын уавæры сæвæрдзысты мемориалтæ æмæ цыртдзæвæнтыл.

Сергей Меняйлойы хъæппæрисæй 2021 азæй кæй скæнынц, уыцы «Сæ цæсгæмттæм сын бакæс»-ы акци дæр йæ тыхы бацæудзæн. Дзæуджыхъæуы мэр **Милдзыхты Вячеслав** куыд загъта, афтæмæй республикæйы сæйраг горæты ис 2 минæй фылдæр рекламон фæйнæджытæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджыты, ветеранты къамтæ та сты 10,7 минæй фылдæр. Ныр дæр курдиæттæ æрвитынц адæм. Сæ бон сæ администрацийæн, бирæкъабазджын центртæн исын у 16 апрелмæ.

Ноджыдæр ма иу патриотон проект – «Ирыстоны адæмы зæрдылдард». Архивон службæ сайт Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджыты тыххæй хабæрттæй дзаг кæны. Ирыстоны цæрджытæ уыцы хабæрттæ æрвитынц. Хицæнæй æрныхас кодтой бæрæгбоны рæстæг æдасдзинад æмæ æхсæнадон фæткы тыххæй. РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг бафæдзæхста уыцы бон базарты куыст бауромын, карз нозт уæй кæнын дæр бауромын Штабы фæз æмæ Дзæуджыхъæуы Сабырдзинады проспекты.



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Указ**

## Гæрзифтонг быцæуты ветеранты хъуыддæгты комитет



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло бафыста Указ Гæрзифтонг быцæуты ветерантæ æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты хъуыддæгты фæдыл регионалон комитет саразыны тыххæй.**

**Уынаффæйы куыд загъд ис, афтæмæй ног регионалон структурæйы бæрны уыдзысты алыхуызон гæрзифтонг быцæуты ветерантæ æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æппæтвæрсыг паддзахадон æххуыс дæттыны, амынд къабазы паддзахадон социалон политикæйы уагæвæрдтæ æххæст кæнынмæ цæстдарды фарстатæ. Уыимæ, ног комитет æнгом æмархайд кæндзæн паддзахадон хицаудзинады федералон оргæнтæ æмæ æндæр профилон ведомствæтимæ.**

**Указæй РЦИ-Аланийы Хицауадæн амынд æрцыд, цæмæй 1 мæйы æмгъуыдмæ сæххæст кæна ног комитет саразыны фæдыл æппæт æмбæлгæ цæттæгæнæн мадзæлттæ дæр.**

*Нæ уацхæссæг*

**«Роспотребнадзор» амоны**

## Къæрцхъус ут!

**Уалдзыгон донивылдтыты аххосæй цы æнæнхъæлæджы цаутæ æрцыд, уыдонмæ гæсгæ Цæгат Ирыстоны «Роспотребнадзор» фæкарздæр кодта доны хæрзхъæддзинадмæ, стæй донгуырæнты æмæ санитарон-эпидемиологон уавæрмæ цæстдарды мадзæлттæ.**



Цæстдарæн архайд æххæст кæнынц РЦИ-Аланийы «Роспотребнадзор»-ы Гигиенæ æмæ эпидемиологийы центры специалисттæ.

Доны хæрзхъæддзинад – йæ хуыз, йæ ад гыццылдæр гуырысхойаг сты, зæгъгæ, уæд дзы хомæй пайдагæнæн нæй, амоны «Роспотребнадзор». Хъæуы йæ сфыцын, науæд та, æвгты кæй уæй кæнынц дуканиты, ахæм æлхæнгæ донæй пайда кæнын.

Доны хæрзхъæддзинад иртасæн мадзæлттæ арæзт цæудзысты алы бон дæр, æмæ уыцы лабораторон бæрæггæнæнтæ «Роспотребнадзор» адæмæн хъусын кæндзæн, стæй мыхуыргонд цæудзысты управленийæн йæ сайты интернеты.

**Нæ уацхæссæг**

**Аудындзинад**

## Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн

**Сæрмагонд æфсæддон операцийы чи архайы, уыцы хæстонтæ æмæ сæ бинонтæн æппæтвæрсыг æххуысы мадзæлттæ Цæгат Ирыстоны арæзт цæуынц иудадзыгон фæткыл. Уыимæ, амынд къорды адæмы минæвæрттæн социалон æмæ æндæр ахæм лæггæдтæ кæнынц, куыд профилон паддзахадон оргæнтæ, афтæ бынæттон хиуынаффæйад æмæ æхсæнадон иугæндты специалисттæ дæр.**



Зæгъæм, республикæйы ахадгæ хуызы æххæстгонд цæуы хæрзаудæн акци «Помогаем СВОим». Уыцы мадзалы фæлгæты горæт æмæ хъæууон муниципалитетты æмвæзадыл сæ куыст кæнынц сæрмагонд службæты специалистты цæугæ къордтæ. Уыдон арæзт æрцыдысты адæмæн социалон лæггæдты комплексон центрты бындурыл.

Мобилон къордты уæнгтæ амынд центрты фæзуаты фембæлынц сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтимæ: раттынц сын алыхуызон консультацитæ, æххуыс сын кæнынц хъæугæ гæххæттытæ саразыны хъуыддаджы, бацамонынц сын социалон реабилитаци æмæ æндæр ахæм паддзахадон зæрдæрдарæнты фæтк... Цæугæ къордты минæвæрттæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтимæ фембæлынц сæ хæдзæртты дæр, сбæлвырд сын кæнынц сæ царды уавæртæ, сæ тыхстаг фарстатæм сын раздахынц профилон ведомствæты æргом.

Дзæуджыхъæуы администрацийы куыд фехъусын кодтой, афтæмæй мобилон къордты куысты зæрдиагæй архайынц муниципалитеты структурон дæлхайады минæвæрттæ дæр. Афтæ, ацы бонты Цæгат-Ныгуылæйнаг æмæ Терчыфалейы мидгорæтаг администрацийы кусджытæ бабæрæг кодтой амынд районты цæрæг бинонты, бакодтой сын юридикон æмæ æндæр æххуыстæ...

Дзæуджыхъæуы муниципалитеты минæвар куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй 2025 азы акци «Помогаем СВОим»-ы фæткы бындурыл специалистты мобилон къордтæ фембæлдысты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты дæсгай бинонтимæ. Фæстаг цалдæр азы дæргъы та акцийы мадзæлттæ аххæссыдысты амынд къорды 257 бинонтыл.

«Помогаем СВОим» æмæ иннæ хæрзаудæн мадзæлттæ дарддæр дæр æххæстгонд цæудзысты.

**Дмитрий АСТАХОВ**

**Адæмон газет**

## Рафыссæм «Рæстдзинад»!




**Посты бастдзинады регионалон управлени куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисæн газеттæ рафыссыны сæйраг æмгъуыд йæ тыхы нæма бацыд. Уыимæ, азы дыккаг æмбисæн «Рæстдзинад» рафыссæн ис рагагъоммæ дæр зæронд аргъæй, ома, 1448 сомы æмæ 46 капеккæй. Льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1180 сомы æмæ 74 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ!**

**Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды, æмæ нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!**

**РЕДАКЦИ**

### Дзырды фарн

***Раст цы у, уый сбæрæг***
***вæййы хъуыддаджы мидæг.***

*ТЫБЫЛТЫ Алыксандр*

Боныхъæд: Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **9 апрелы** чысыл рауардзæн. Уæлдæфы температурæ – **3 – 9 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,07

Хурыскаст — 05,29
Хурныгуылд — 18,36

Валютæйы аргъ

Доллар — 79,73
Евро — 92,19

12 +

Ахсджиаг ныхас

# Хæстæ фидыны фæтк

**Фæлхасгонд энергон фæрæзтæ æмæ газæн фидыны фæтк куыд фæхуыздæргæнæн ис, уый тыххæй ныхас рауад, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы 'мбырд саразта, уым.**



Уыцы хъуыддаг фылдæр хауы, республикон æмæ муниципалон бюджетты фæрцы цæрæг куыстуæттæ æмæ организацитæм. Ныхасы архайдтой профилон ведомствæтæ æмæ министрадты разамонджытæ, районты хицæуттæ. Бæстон раныхасимæ æмбырдмæ рацыд цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министр **Хъараты Тимур**.

Дзанайы-фырт бафæдзæхста министрæн, цæмæй фæлхасгонд энергон фæрæзты фиддонтæм æппынæдзух йæ цæст дара. Финансты ведомствæйы разамонæг та хъуамæ бюджетон æхца рæвдз хæццæ кæна фæлхасгонд коммуналон фæрæзтæн бафидынæн. Уымæй уæлдай, алы мæй дæр фæрæзтæдæттæг организацитимæ хæсты бæрц бæрæггонд цæуа.

Дзанайты Барис куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй, Цæгат Ирыстоны алы æмвæзады бюджетты бæрны уæвæг организацитæ сæ хæстæ куыд фидынц, уымæ стыр æргом здæхт цæуы. «РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло æппынæдзух уыцы хæстæ рæгъмæ хæссы. Сæйрагдæр у афойнадыл хæстæ бафидын. Уыцы фæткмæ æппынæдзух æргом здахут», – загъта Хицауады Сæрдар.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Ног проект

# Рауагъдонтæн куысты бынæттæ

**Ног проект «День карьеры»-йы бындурыл ЦИПУ-йы студенттæн арæзт æрцыд карьерон рæзты гæнæнтæ æмæ Æрыдоны куысты бынæтты фæдыл презентаци.**

– Карьерæйы бон у ног мадзал студенттæн куысты бынæттæ ссарынæн, раздæр сæ хуыдтам «Ярмарка вакансий». Ивгъуыд азтимæ абаргæйæ, ныры проект арæзт у биноныгдæр æмæ арфдæр æмархайды фæрæзтæн: студенттæ канд сæ ахуыр æмæ дæсныйады бæрæггæнæнтæ нæ ныууадзынц, фæлæ ма сын фадат ис комкоммæ ахуырадон организацитæ æмæ куыстдæттæг разамонджытимæ бастдзинад дарын, фидæны рæзт æмæ куысты уавæртыл æрдзурынæн. «Ног формат» уымæй хорз у, æмæ алы районæн дæр, гæнæн ис, йæхи равдисынæн, студенттæн бамбарын кæнын, куыстдæттæг организациты æхсызгон кæй хъæуынц педагогтæ. Абоны онг студенттæ кæд дызæрдыг кодтой, ома, ахуыргæнæджы дæсныйадимæ кæд сæ куыст сбæттын нæ фæндыд, уæд ныр та фæныфсджындæр сты, æмæ сæ абоны бон сæ дæсныйады фæндаг фæстæмæ кæд æркæнид сæ районтæм, – загъта фæсивæдон политикæ æмæ административон куысты проректор **Кокайты Алан.**



Фембæлд ацыд Æрыдоны 1-æм астæуккаг скъолайы. Уæлдай фылдæр æргом аздæхтæуыд муниципалон æмвæзадыл æрыгон ахуыргæнджыты адаптаци æмæ сын æххуысы мадзæлттæм. Районы ахуырады системæйы презентаци æмæ æрыгон специалистты практикæты æнтыстдзинæдтæ мадзалы архайджыты размæ рахаста районы администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг **Багаты Ибрагим**. Уый куыд радзырдта, афтæмæй абон ахуырадон куыстуæтты æппæт уавæртæ дæр арæзт цæуынц профессион рæзты тыххæй, квалификаци бæрзонддæр кæнынæн, профилон конкурсты архайынæн, суанг зондамынды мадзал дæр.

– Нæ сæйраг хæс у, ЦИПУ-йы студенттæн равдисын, XXI æнусы скъола цавæр хъуамæ уа æмæ, цавæр гæнæнтæ æмæ фадæттæ ис фидæны ахуыргæнджыты профессион рæзтæн, цæмæн у ахсджиаг сентябры скъоламæ æрбацæуын æмæ уыцы диссаджы равзæрд фæндагыл æрлæууын. Ахсджиаг хъуыддаг нын у регионы кадрты хъуагдзинад сæхгæнын, æмæ уый тыххæй ЦИПУ дæтты бæрнон дзуапп, регионы чи ис, уыцы социалон-экономикон фарстайæн мæнæ ахæм презентациты руаджы, – загъта Багайы-фырт.

«Карьерæйы бон»-ы практикон хаймæ хаст æрцыдысты мастер-классты алыхуызон профессион æмæ æндæр æрмдæсныйады ахуыртæ. Студенттæ архайдтой нывкæнынады аивады, æнæпилотон тæхæг аппараттимæ кусын æмæ хæцæнгарз æмбырд кæныны практикон ахуырты. Мадзалы кæронбæттæн хай-ваканситы армукъайы студенттæ базонгæ сты Æрыдоны районы скъолаты директортимæ, ныхас кодтой, цы куысты бынæттæ сын лæвæрдтой, уыдоны фарстатыл. Уыцы презентацийы фæрцы æрыгон специалисттæ бæлвырддæр бамбæрстой, цы домæнтæ сæм ис, уый. Уымæй уæлдай, архайджытæ баныхас кодтой практикон ахуыртæ бæрæг бæлвырд скъолаты ацæуыны фæдыл æмæ сæ дарддæры куысты тыххæй.

Мадзал бацæттæ кодта ЦИПУ-йы Карьерæйы центр, РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады æххуысæй æмæ сси уæлдæр ахуыргæнæндоны системон куысты иу хай рауагъдонтæн куысты бынæттæ агурыны фарста æмæ регионы куыстдæтджытимæ æмархайды бастдзинæдтæ фидардæр кæныны хъуыддаджы.

**ЦИПУ-йы пресс-службæ**

Æхсæнад

# «Архивон десант»-ы дыккаг сулæфт

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы йæ тыхы бацыд федералон проект «Архивон десант». Ууыл бацархайдта Архивон службæйы кусæг къорд йæ радон æмбырды.**

Фембæлды архайджытæ, истори æмæ археологийы институт æмæ архивон æхсæнад, Уæрæсейы Слестгæнæн комитет Цæгат Ирыстоны, Цæгат Ирыстоны педагогон колледжы минæвæрттæ æмæ волонтертæ æрныхас кодтой сæ куысты бæрæггæнæнтыл æмæ дарддæры, Æппæтуæрæсеон волонтерон-бархион проект «Архивон десант» царды æххæстгæнгæйæ, цы лыггæнинаг фарстатыл кусдзысты, уыдоныл.

Сæ фæндонмæ гæсгæ, регионы арæзт æрцæудзæн æртæ волонтерон командæйы. Уыдон æххæст кæндзысты сæйраг куыст, бацагурын æмæ бакусын архивон документтыл. Уæлдай ахсджиагдæр у документтæ нымæцон скæнын, архивон документтæ бацæттæ кæнын æмæ сæ Уæрæсейы Президенты цур историон мысынады Национ центры информацион тыгъдадмæ бахæссын.

РЦИ-Аланийы Архивон службæйы разамонæг **Хайманты Барисы** ныхасмæ гæсгæ, проекты сæйрагдæр хæс у, 1941-1945 азты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг нацистты, æмæ сын æххуыс чи кодта, уыдоны амæттаг чи фæци – Цæгат Ирыстоны сабыр цæрæг адæмы фыдбылызы тыххæй историон мысынад бахъахъхъæнын. Уый тыххæй геноциды æвдисæндартæ наукон архивон æрмæджытæм бахæссын.

**РЦИ-Аланийы Архивон службæйы пресс-службæ**

Коммуналон лæггæдтæ

# Электронон квитанцитæм рахизгæйæ

**Цæгат Ирыстоны цæрджытæ фæлхасгонд газæн фидгæйæ пайда кæнынц электронон квитанцитæй. Газæн бафидгæйæ, нырыккон экологон документæй чи пайда кæны, «Газпром межрегионгаз Владикавказ»-ы уыцы фæлхасгæнджытæ алы мæй дæр 10 проценты фылдæр фæвæййынц.**

Электронон квитанци у фиддоны æххæст документ, æрвылмæй электронон постмæ чи бахæццæ вæййы, гæххæттын квитанцийы ахæм къопи. Уый гæххæттын хуызæй раздæр бахæццæ вæййы, кæцыфæнды ифтонггарзæй дæр æй райсæн ис.

Газы компанийы куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй электронон æмгуыстадмæ рахизын квитанци дæр бахъахъхъæндзæн, æнцондæр æркæсæн æм ис, абоненты æппæт бæрæггæнæнтæ дæр хъахъхъæд цæуынц, сæфгæ нæ фæкæндзæн.

Электронон квитанцийы хæрзтæ дæр фæбæрæг кæнæм: газæн бафидыны хабæрттæ уайтагъд æрбахæццæ вæййынц электронон постмæ, квитанцимæ бахизæн ис онлайн хуызы, хæдзарæй, дард ран уæвгæйæ дæр, газæн бафидæн ис, электронон хыгъдтæ нæ сæфынц, квитанцитæ сисæн ис телефон кæнæ компьютермæ, уæдæ дæ хиуæтты фæлхасгонд газæн дæр дæ бон у фидын.

Электронон квитанцимæ рахизæн ис электронон сервис «Личный кабинет»-ы руаджы, уырдæм бацæуæн ис ахæм адрисыл https//мойгаз.смородина.онлайн кæнæ уæлæфтуан «Мой газ» (AppStore «Газ онлайн»-ы). Цæмæй электронон квитанци йæ тыхы бацæуа, уый фæдыл уæ бахъæудзæн «Настройки/Профиль»-мæ бахæссын æппæт хабæрттæ, ома фæз «Электронон пост»-мæ. Уый фæстæ та «Настройки/Лицевые счета»-йы вариант «На e-mail» равзарын.




Ис ма цæрæнбынаты абонентон хайадмæ æрхатын, гæххæттын хуызы квитанцийæ хи суæгъд кæныны тыххæй курдиат ныффыссын. Бавдисын хи хыгъд æмæ электронон посты адрис.

**Нæ уацхæссæг**

Чернобылы фыдбæллæхы 40 азмæ

# Дуне, æвæццæгæн, дзæгъæл нæу...

**Чернобылы фыдбæллæх нæ иумæйаг Цæдисы нырыккон дуджы трагедиты стырдæртæй иу у. Бирæ адæймæгты хъысмæт аивта, арф фæд дзы ныуугъта карз низы хуызы, мингæйттыл та æнафон сæ боны рухс баталынг. Фæлæ уый уыд лæгæвзарæн, адæймаджы миниуджытæ ирдæй кæм разындысты, ахæм рæстæг дæр.**

Чернобылы фыдбæллæхы фæстиуджытæ иуварсгæнджытæй иу уыд **Касаты Коля**. Хъарман-Сындзыхъæуы мæ сыхаг уыдисты Касаты бинонтæ, цардысты Урсдоны донybыл диссаджы рæсугъд ран. Коля куыста нæ хъæуы колхоз «Ленины тырыса»-йы шофырæй, йæ цардæмбал Дзабайон Валя та – рæвдауæндоны хицауæй, фæлæ 1973 азы Касатæ алыгъдысты Беслæныхъæумæ.

Сæ ног цæрæнбынаты дæр æгуыстæй не 'рбадтысты. Коля шофырæй бацыд цæугæ механизацигонд калоннæмæ. Чернобылы фыдбæллæхы хабар куы айхъуыст нæ егъау бæстæйыл, уæд Коля дæр фыст æрцыд ликвидаторты хыгъды. Æрæджы фембæлдтæн мæ кæддæры æмхъæуккагыл, æмæ мын уыцы цауты тыххæй йæ мысинæгтæ радзырдта:

– Мæнмæ дæр æфсæддон комиссарадмæ фæдзырдтой, цæугæ дын у, зæгъгæ, æмæ 1986 азы 18 июны хæдтæхæгыл Ирыстонæй стыр къордæй æртахтыстæм Киевмæ. Уым нæ 'рбаластой иу станцæмæ æмæ нын ног донпырхгæнæн (поливомоечный) машинæтæ бавдыстой, ахæмтыл хъуамæ кусат, зæгъгæ. Æз станцæйæ ацыдтæн Чернобылмæ, Припяты горæтмæ. Уым мын раттой зæронд донпырхгæнæн машинæ. Йæ рулы куыст нæ бæззыд, æмæ мын бацамыдтой зæронд машинæты свалкæ, уым, дам, рацагур хъæугæ ивæн хæйттæ. Ныццыдтæн уырдæм æмæ дзы ссардтон зæронд ЗИЛ-130. Йæ «рулевой» уыд рæвдз, зубилæйæ йын йæ «заклепкæтæ» слыг кодтон æмæ йæ мæхи машинæйыл ныффидар кодтон болтытæй. Дон ласынмæ цыдтæн Припяты доны фарсмæ донцъиранмæ.



Царды бирæ диссæгтæ 'рцæуы, адæймаджы хъуыдытыл бафтауынц. Дуне, æвæццæгæн, дзæгъæл нæу. Цыдæр уæларвон тыхтæ нын фехxуыс кæнынц, зын сахат нæ фыдбылызæй аирвæзын кæнынц. Мæ зæрдыл кæй бадардтон, уыцы цаутæй иу уыд ахæм. Мæ куысты сменæ уыди æхсæз сахаты. Гаражмæ мæ хъуыд цæуын æхсæз километры бæрц фистæгæй. Хъуыд цæуын радыгай æхсæз сменæйы. Мæ фæндагыл-иу фембæлдтæн хуыргаркыл æд цъиутæ. Æмæ сыл-иу ныхъхъæр кæн, уæд-иу зæххыл атъæпæн сты. Афтæ куыстон, куы – бонæй, куы – 'хсæв, æнæ бонцухæй, æнæ бæрæгбонтæй, алы бон уыди кусгæ, сменæ ивгæйæ. Хатгай-иу рауади иу суткæмæ дыууæ сменæйы. Нæ куысты мызд-иу фыстой фондз хатты фылдæр.

Адæймаг æфсæйнагæй конд нæу, куыд нæ-иу бафæлладтæн æмæ, иухатт æхсæвы куы фæцæйцыдтæн, уæд æмбисфæндагыл афынæй дæн, æмæ мæм фыны мæ цардæмбал Валя ныхъхъæр кодта: «Коля». Фехъал дæн, ракастæн æмæ, цыма, бæласыл йæ рахиз цонг æрбатыхста, афтæмæй мæм кæсы. Æвæццæгæн, кæронмæ нæма райхъал дæн. Афтæ фервæзтæн фыдбылызæй – фæндаг цыди галиуырдæм, рахизырдæм та дзы уыди уырдыг, æмæ куы нæ фехъал уыдаин, уæд машинæ атылдаид. Абон дæр æй не 'мбарын, цавæр тыхтæ уыдысты уыдон, мæ цардæмбалы хуызы мын чи баххуыс кодта...

Иухатт та, цалынмæ машинæ дзаг кодта, уæдмæ, æнхъæлмæ кæсгæйæ, иуварс æрбадтæн. Уырдæм мæм Припятæй реуа-реуагæнгæ ссыди сабыргай, гъы-гъы-гъыгæнгæ, хъаз. Мæ цæсгоммæ мын скасти, æмæ йын куы ницы раттон, уæд мын мæ хæлафы фадыг айвæзта, стæй фæстæмæ аздæхти æмæ сабыргай ацыди.

Мæ донпырхгæнæн машинæйæ æхсадтон миксер хæдтулгæтæ, уыдон бетоны змæст калдтой реакторы 4-æм энергоблокмæ. Мæ машинæйы-иу дон куы нал уыди, уæд та-иу Припяты цæугæдонмæ ласынмæ цыдтæн. Уый кæуылты цæугæдон у, наутæ дзы ленк кодтой!

Цы хъазы кой дын кодтон, уый-иу мæм уырдæм ссыди æмæ-иу мæм ныккасти. Иухатт ын мемæ рахастон дзулы къæбæр, æмæ та мæм куы 'ссыди, уæд ын æй зæххыл æрæвæрдтон. Бацыди, систа йæ æмæ æртæ къахдзæфы скодта, уæззау къахдзæфтæ. Фæстæмæ йæ æрæвæрдта, ракасти мæм æмæ æртæ хатты, гъы-гъы-гъы, зæгъгæ, акодта, стæй йæ ногæй систа æмæ ацыди йæ фæндагыл Припяты донмæ уырдыгыл. Æз йæ фæстæ фæкастæн. Иу гыццыл куы ныццыди, уæд хæмпæлтæй нал зынди.

Уыцы егъау фыдбылыз æнæкæрон бæллæхтæ æрхаста æрмæст адæмæн нæ, фæлæ æрдзæн, мæргътæ æмæ цæрæгойтæн. Уыцы хъазы дæр цæрын фæндыд, чи зоны, уыцы дзулы къæбæр йæ лæппынтæн хаста. Припять рæсугъд горæт уыд, бæллæхы агъоммæ дзы царди 80 мин адæймаджы, цъæхфæлыстæй аив... Бауырнæд дæ, цыбыр рæстæгмæ, мæнæ ныр «фильмы ужаса» кæй хонынц, ахæм нывтæ уыд нæ алыварс: кæрдæг сæрдыгон – сау-сауид, хус, бæлæстæ дæр – афтæ, æнæ сыфтæр хъæдтæ...

Фæдæн Чернобылы цыппар мæйы, 14 октябры мæ хæдзарыл сæмбæлдтæн, – радзырдта мын Коля.

Де 'нæниздзинадыл куыд фæбæрæг сты уыцы цыппар мæйы, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд дзуапп ратта, фыццаг бон, дам, 1,9 рентгены райстон, дарддæр та – дзæвгар фылдæр. Йæ зæрдæ фæхудт йæ куыстуатыл – цы рæстæг фæци Припяты, уымæн ын хъуамæ йæ мызд ма баурæдтаиккой, фæлæ цæугæ механизацигонд калоннæйы хицауад цæмæдæр гæсгæ Коляйы зæрдæхудты бацыдысты...

Кæй зæгъын æй хъæуы, Касайы-фыртыл æнæзынгæ нæ фесты уыцы уæззау бонтæ – абон йæ къæхтæ йæ быны нæ цæуынц, фæлæ, Хуыцауæй разы, йæхи загъдау, йæ цæст ма æрттивы, йæ цот Барис, Батрадз æмæ Зæлинæ, уыдоны кæстæртæ йыл аудынц – йæ цардæмбал Валя дыууæ азы размæ йе 'цæг дунемæ ацыд.

Коля «Рæстдзинад» зæрдиагæй кæсы йе 'рыгоны бонтæй нырмæ, æмæ йын æхсызгон уыд, кæй йæ 'рхъуыды кодтам, уый. Фæллойы ветеранæн тынг зын у, абон дуне арвистон кæй фестад, алырдыгæй йыл хæсты пиллон арт кæй бафтыдтой æнæсæр политиктæ, уый.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Нæ медицинон къæлиндар

# Æнæниз цардыуаг — амонды бындур

**Алы аз Æнæниздзинады дунеон бонимæ бастæй кадæн арæзт æрцæуы Æнæниз цардыуагмæ æхсæнады æргом раздахыны къуыри (6-12 апрелы). Йæ нысан у адæмы æнæниздзинад бахъахъхъæнын æмæ низты ныхмæ профилактикон мадзæлттæ аразын.**

Æнæниз цардыуаджы сæйраг бындуртæ сты:

– фылдæр змæлын æмæ физикон æгъдауæй цæрдæг уæвын – æппынкъаддæр, дæс минуты уæддæр чи ахæсса, ахæм физикон фæлтæрæнтæ кæнын, уый дæр æнæниздзинадæн у пайда, фæлæ зæрдыл дарын хъæуы, æгæр бирæ физикон уаргъ дæр хорз кæй нæу;

– æнæниздзинадæн пайда чи у, ахæм хойрагæй пайда кæнын – цæхх, углеводтæ, сой – къаддæр, фылдæр та – дыргъытæ, халсартæ, хъæдуры мыггаг, æнгузтæ. Хæринаджы хæрзхъæддзинадæй аразгæ у, буары цъар, хуылфыдзаумæттæ, хæцъæфтæ, æппæт оргæнтæ дæр цы уавæры сты, уый; дон хъæуы суткæмæ 2-3 литры нуазын, уæд буары цъар æрæгмæ дæр зæронд кæны, стæй буаргъæдты ивынад дæр хуыздæр вæййы;

– æвзæр ахуыртыл хъæуы къух сисын, тамако, карз нозт, наркотиктæ, зианхæссæг хæринаг – адæймагæн сты йе 'нæниздзинад халæг; хæрынæн, спортæй архайынæн, фæллад уадзынæн, фынæй кæнынæн – алцæмæн дæр хъуамæ уа æгъдау æмæ фидар фæтк;

– психологион æгъдауæй нывыл цард æнæниздзинадæн къаддæр ахсджиаг нæу, адæймаг цардбæллон æмæ, удыхъæдæй фидар куы уа, уæд ын тæссаг ницæмæй уыдзæн.



Æнæниздзинады дунеон бон хорз у бинонтимæ, æмбæлттимæ арвитынæн, спортивон ерыстæ кæнæ æндæр ахæм мадзæлтты архайынæн. Æвзæр нæ уаид, алыхуызон кусæнуæтты разамонджытæ дæр сæ кусджытæн ацы боны фæдыл арфæ куы ракæниккой æмæ æнæниздзинад хъахъхъæнынимæ баст мадзæлттæ (зæгъæм, хæрзаудæн акци) аразынмæ се 'ргом куы аздахиккой, уæд.

Æнæниздзинады къуырийы сæйраг нысан у æппæт дунейы цæрæг адæмы тыхтæ баиу кæнын, цæмæй царды ахсджиагдæр фарстатæй иу — рæзгæ фæлтæр æнæниз цардыуагыл бафтауын — лыггонд æрцæуа.

Æнæниздзинад у фæрнджын æмæ амонджын царды бындур. Йæ бахъахъхъæнын алы адæймагæн дæр у йæ хæс, æмæ, уыцы хæс æххæст кæнын цæмæй æнцондæр уа, уый тыххæй æхсæнадон æмæ паддзахадон организацитæ, æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазы кусæндæттæ æххæст кæнынц алыхуызон мадзæлттæ.

Æнæниздзинад у, аргъ кæмæн нæй, ахæм стыр хæзна. Уый адæймагæн канд йæхи хъæздыгдзинад нæу, фæлæ у æппæт æхсæнады хъæздыгдзинад дæр, фидæны амонджын царды бындур. Адæймаг æнæниз куы уа, уæд кусгæ дæр кæндзæн, йæ размæ нысантæ дæр æвæрдзæн, стæй сæ æххæст дæр кæндзæн.

Хъуыддаг куыд æвдисы, афтæмæй, хъыгагæн, адæймаг ыл хъуыды кæнын райдайы, йе 'нæниздзинад куы фæцуды, æрмæстдæр уæд. Уымæ гæсгæ, уæлдайдæр ацы бонты фæдзæхсæм — уе 'нæниздзинадыл рагацау хъуыды кæнут, æнæниз цардыуаджы домæнтæ æххæст кæнут, æмæ уæд низтæй уæхи бахъахъхъæндзыстут.

**Æхсæнадон æнæниздзинад æмæ медицинон профилактикæйы республикон центр**

Ахуырад

# Мадæлон æвзаджы цырагъдар

**Сывæллон фыццаг хатт скъолайы къæсæрæй фарны къах куы бавæры, уæд, уыцы бонæй йæ царды фæстаг сулæфтмæ йæ ахуыргæнæджы зонд æмæ фæлтæрддзинадæй саби цы зонындзинæдтæ æмæ æрдзон удварны æнкъарæнтæ райсы, уыдон мады æхсырау ахъарынц йе уæнгты æмæ цæрæнбонты йæ зондахасты баззайынц.**



Ахæм æнкъарæнджын, мидисджын цард æмæ зондзонæн куыст æнтысы РЦИ-Аланийы сгуыхт ахуыргæнæг, Уæрæсейы иумæйаг ахуырады кадджын кусæг, Змейкæйы 1-æм астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы уæлдæр къæпхæны ахуыргæнæг **Дзуццаты-Байхъуылты Риммæйæн**. Йæ фæллойадон чиныджы фыст ис, дыууиссæдз азæй фылдæр кæй кусы ацы ахуырадон артдзæсты.

Змейкæ – Риммæйы райгуырæн уæзæг, йæ сабибонты уарзт æмæ авдæн! Йæ мад æмæ йæ фыд (рухс дзæнæт – сæ бынат) сæ рæстæджы уыдисты Змейкæйы дзырддзæугæ, адæмæн уарзон адæймæгтæ, хорз зыдтой ирон адæмон сфæлдыстад, æрдзæй сæм стыр курдиат уыд зарынмæ, кафынмæ, адæмы 'хсæн мидисджын ныхас ракæнынмæ. Сæ чызг Риммæйы æвзонг уды райгуырын кодтой рæсугъд æвидигæ фарны фæндаг.

Риммæйы царды бындур бирæ хæрзтæй фидауы, фæлæ йæ сæйраг намысы миниуджытæ сты фæрнæйдзаг зæрдæйы уаг, бæрзонд бæрнон æууæнк, фарны ныхас. Сылгоймаджы фидауцæй – фидауцджын, амондæй – амонджын, адæмы фарнæй – фæрнджын, намысджын ахуыргæнæджы кадæй – кадджын æмæ æрдхæрæн. Къостайы номыл университеты мадæлон æвзаджы дæсныйад куы райста Риммæ, уæд риуыдзаг сулæфыд – йæ рагбæллиц сæххæст.

– Æвæццæгæн, ахæм фæлтæр нæй, рухс зæрдæйæ, æхсызгон мысинагæн йæ ахуыргæнджыты фарны ном чи нæ æрхъуыды кæны. Мах абоны бон сæ куырыхон зонд æмæ кадæй фæрнджын стæм. Нæ ахуыргæнджытæ æрмæст ууыл нæ архайдтой, цæмæй нын хъæугæ зонындзинæдтæ раттой. Багаты Никъала, Джыгкайты Шамилы уроктæ æнæхъæн зонды скъола уыдысты. Ахуыр нæ кодтой æгъдау æмæ æфсармыл, хæдбар хъуыдыйыл, царды вазыгджын фæзилæнтыл уæлахизæй цæуыныл. Архайдтой, сæхæдæг куыд æназым уыдысты, куыд удуæлдай фыдæбон кодтой, афтæ, цæмæй махæй дæр рауадаид æхсæнадæн хъæугæ адæймæгтæ. Тахъазты Харумы фæдзæхстмæ гæсгæ, ахуыргæнæджы куыстæй аразгæ кæй у Ирыстон æмæ Стыр Уæрæсейы сомбон, – дзырдта мын Риммæ.

Мад, ныййарæг, сылгоймаг! Цымæ кæцы дзырды дæсны, аивады куырыхон зиууон загъта фыццаг ацы сыгъзæрин дамгъæтæй фыст дзырдтæ. Мады, ныййарæджы фæрцы незамантæй сæрсæфæнæй фервæзт Аланты, Ирыстоны бæстæ. Сылыстæджы кад, бæрзонддзинад æмæ намысæн слæууынц нымд, кадгæнгæйæ нæ куырыхон хистæртæ. Сылгоймаджы кæлмæрзæны фарн æрлæууын кæны тудджынты карз тох. Сылыстæг – къохат кæнынæн мадзæлттæ агуырд цæуы, уæддæр нырма хъуыддаг зынгæ нæ фæхуыздæр. Цæмæн афтæ у? Фыццаг аххосаг у, бинонтæ хæдзары мидæг сæ сабитæм уырыссагау кæй дзурынц, уый. Нæ мадæлон æвзагмæ бирæнайы цырагъдар, бинонты цæсгом, æфсарм, фарн æмæ царддæттæг бардуаг. Æппæт ацы цæрæццаг фæлгонцтæй хайджын у Дзуццаты-Байхъуылты Риммæ: дойнаг дуртæ дæр ын æхсинаг сты, царды хæрзтæ – кæнинаг.

Риммæйы хъуыдымæ гæсгæ, йæхи ирон чи хоны, ирон мад æмæ фыдæй гуырд чи у, уыдоны цот хъуамæ, æнæмæнг, зоной, ахуыр кæной сæ мадæлон æвзаг. Зæрдæйæн зынаргъдæр, удæн адджындæр цы у, уый мах кæддæриддæр барæм ныййарæг мадимæ. Æмæ алы адæмыхатт дæр уыцы зæрдæйы уагæй кæсы æмæ кад кæны йæ мадæлон æвзагæн. Расул Гамзатов хуымæтæджы нæ загъта: «Абон куы фесæфа ме 'взаг, уæд райсом цæттæ дæн мæлæтмæ». Дзуццаты Риммæйæн мадæлон æвзаг у йæ уды фарн æмæ намыс. Йæ сыгъдæг удæй арт цæгъды, куырдалæгонау.

Хъыгагæн, фæстаг азты нæ рæсугъд зыланггæнаг æвзагмæ куыдфæндыйы цæстæй кæсынц бирæтæ, фылдæр – ныры дуджы адæм. Кæд ахуырады кусджытæ, радио, телеуынынад, мыхуыр не сфæлдыстадон интеллигенци се 'ргом фылдæр здахынц æвзаджы ахсджиаг фарстамæ, ирон æвзаг, литературæ, аивад паратæ кæсынц æцæгæлоны зæрдæахастимæ. Нæ йын кæнынц аккаг кад, нæ йын æмбарынц йæ ахадындзинад.

Фæлтæрдджын ахуыргæнæг хорз зоны, ахуырады ног педагогон технологитæй куыд пайдагæнæн ис ирон æвзаг æмæ литературæйы урокты, уый. Риммæйы методикон æрхъуыдыдзинад ын æдзух æрхæссынц дæнцæгæн методикон иугонды семинарты. Æрмæст ахуыргæнæг нæу, фæлæ, куыд хъомылгæнæг, афтæ зæрдæйæ æнкъары ирон æвзаджы табуйаг æмæ сомбоны хъысмæт. Сгуыхт педагог æнтыстджынæй архайы æхсæнадон хъуыддæгты. У Аланты Ныхасы сылгоймæгты комитеты уæнг, газет «Рæстдзинад»-ы иузæрдион уацхæссæг. Разæнгардæй архайы йæ рафыссыныл, йæ æрмæджытæ йын адæмы рæгъмæ рахæссыныл. Фыссы æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, новеллæтæ. Арæх ракæны ирон æвзаг æмæ æгъдæутты фæдыл мидисджын хъуыддаджы ныхас радио æмæ телеравдыстыты.

Ирон æвзаджы сгуыхт ахуыргæнæг Риммæ куыд дзуры, уымæ гæсгæ мадæлон æвзаджы ахуыргæнæджы къухы ис æвæджиауы æрмæг: Нарты кадджытæ, таурæгътæ, аргъæуттæ, царциаты диссæгтæ.

Нарты кадджытæ – ирон адæмы историйы айдæн, нæ удварны исбон. Нарты гуыппырсар фæсивæды уаг æмæ æхсар сæ фæдонтæн, ирон скъоладзаутæн сты ирд æвдисæн æцæг ирон лæджы удыхъæды сæйраг миниуджытæ бафæзмынæн. Уыдон та сты уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ æмæ йæ бахъахъхъæнынмæ цæттæ уæвын. Рæстдзинад – царды ахсджиагдæр цæджындз, æхсар æмæ лæгдзинад – æцæг ирон лæджы бæрцбарæн, уæздандзинад æмæ уарзонддзинад – Аланты цардыуаджы миддунейы. Зындгонд ахуыргонд Миллер фыста, зæгъгæ, зонд æмæ æвзаг иу сты, ном цы хъуыдыйæн нæй, уый йæхæдæг дæр нæй. Уымæ гæсгæ нæ зонды фæрæзтæ æнгом баст сты нæ рагон истори æмæ æвзагимæ. Цæуылнæ ныффыста Тугъанты Махарбег йæ алæмæты шедевртæ уырыссаг эпос, кæнæ зындгонд скандинаваг эпос «Калевала»-йы мотивтыл, цæуылнæ сныв кодта уыцы эпосы хъайтарты?

Риммæйæн йæ уд æмæ йæ намыс фыдыбæстæйæн нывонд у. Кад, фарн, зонд, æгъдау удыхъæды хуыздæр миниуджытæ сты, æмæ сæ Риммæ нывондæн хæссы не суинаг фæлтæры цардамондæн.

Ахуыр æмæ зонд цард хорзæх сты. Адæм сæ хуыздæрты фæрцы сты адæм. Кад кæнын, аргъ кæнын кæмæн хъæуы, ахæм адæмæй дуне у цардхъом. Цæстытæ æмæ 'взаг сты зæрдæйы дуар. Æппæт дуне рухс кæны æмæ тавы хур. Адæймаг та амондджын у йæ цард мидисæй, йæ арæзт хъуыддæгтæй.

Риммæ, Ирыстоны ахуырдзау фæлтæрæн дæ куырыхон зонд æмæ фæрнæйдзаг зæрдæйыуагæй хæссыс цардамонд. Хæрамдзинад дæ уды иу мур дæр нæй, хурвидауц, зæххон Мады-Майрæмы фæдзæхст сылгоймаг дæ, æмæ дæ хур йæ зæрин тынтæй рæвдауæд. Æрдз дын рæдауæй ратта зæххон уынд æмæ конд, хæдæфсармдзинад, адæмы хорзæх, æмæ фæрнджын æмæ намысджынæй фæцæр. Фæскъæвда арвыл арвырон куыд ссудзы хуры зæлдаг тынты, афтæ нын, Байхъуылон Риммæ Болайы чызг, зæрдæрайгæ, адæмуарзонæй, райгондæй фæцæр. Мадæлон æвзагæн цырагъдарæй лæууыс, æмæ дæ зæрдæйы бæллиц сæххæст уæд!

**ГУЫЛÆРТЫ Барис,**
**æхсæнадон уацхæссæг**

Куыд цæрыс, хъæу

# Сæрыстыр у хъæбултæй ныййарæг

**Суададжы хъæуы БРЫТЪИАТÆ сты кадджын бинонтæ. Сæ хистæр Неля у тæхудиаджы адæймаг. Рæстудæй цæры адæмы 'хсæн. Хъæдгæройнаг Къациты чызг æрыгонæй йæ амонд ссардта ацы ирон хъæуы.**

Суададжы амбулаторийы кусгæйæ, бирæ азты иузæрдионæй лæггад кодта адæмæн. Йæ цардæмбал Замалбегимæ 46 азы кæрæдзийы æмбаргæйæ арвыстой амондджын бонтæ. Сæхи къухты фæллойæ сарæзтой хæдзар. Бахъомыл кодтой æмæ царды рæсугъд фæндагыл арвыстой цыппар хъæбулы. Абон **Тимур, Жаннæ,** **Толик** æмæ **Аллæ** сæ хистæрты кад бæрзонд хæссынц, алкæмæн дæр сæ ис бинонтæ, суинаг кæстæртæ. Бахъуаджы рæстæг Брытъиаты æфсымæртæ цæстуарзонæй се 'ххуысы хай бакæнынц. Кад сын ис æмгæртты, хъæубæсты 'хсæн. Арфæйы ныхæстæ уæд сæмбæлынц Къациты чызгыл.

Неляйæн абон кæд йæ цардæмбал йæ фарсмæ нал ис, уæддæр йæ бирæ кæстæртæй у буц æмæ рæвдыд. Йæ цоты цот æмæ уыдоны кæстæртæ æнкъард кæнын нæ уадзынц сæ фæлмæнтæдзураг нанайы.

– Алкæмæн дæр, фæзæгъынц, йæ амонд йемæ райгуыры. Афтæ æз дæр, 1973 азы æркуывтон Брытъиаты хæдзармæ. Ме 'фсин Дзуццаты Ксеня диссаджы уæздан, фыдæбонгæнаг сылгоймаг уыд. Дыууæ файнустæй сидзæргæстæй баззадысты. Сæ лæгтæ, Тотырбег æмæ Гайси, Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй нал сыздæхтысты. Сæ иуæн – æртæ, иннæйæн – фондз кæстæры, афтæмæй иумæ хи хъæбултау хъомыл кодтой аст сывæллоны. Йæ бирæ зындзинæдтæ-иу куы æрымысыд, уæд-иу мæхи мады цард мæ цæстытыл ауадис – мах дæр фондзæй сидзæры бонтæ бавзæрстам. Бирæ рæвдыд зонын ме 'фсинæй, алцæуыл дæр мæ уый сахуыр кодта. Хуысгæ рынчын куы фæци, уæд æм мæхи мадау кастæн. Куыстон амбулаторийы медицинон хойæ. Мæ куыст уарзтон, азтимæ фæлтæрдддзинад дæр фæзынд. Уæд нæ уавæртæ бынтон æндæр уыдысты. Хъæуы уынгты фистæгæй бирæ фæцыдтæн рынчынтæм, куы-иу бахъуыд медицинон æххуыс, уæд æнæзивæгæй æхсæвыгон дæр. Сывæллæтты фыд та куыста бынæттон колхозы, уыдис хорз электрик æмæ æндадзæг. Æрыгæттæ уыдыстæм, зивæг цы у, уый нæ зыдтам. Хæдзар арæзтам, цот хъомыл кодтам. Дардтам стурвос, зæххы куыст кодтам, уымæй цардыстæм. Хуыцауæй бузныг, разы дæн абон мæ цардæй. Ис мын æнгом бинонтæ, коммæгæс кæстæртæ, хорз сыхбæстæ. Алы хъæуты уæвгæйæ, мæхицæн фидарæй фæзæгъын: Суадагæй хуыздæр фæсивæд никуы ис, алцæмæ – хæрзарæхст, фæкæсынмæ – æнæзивæг. Царды хорздзинæдтæй сæ алчидæр æфсæст уæд, бæстæ сын сабыр куыд уа, афтæмæй нæ Ирыстон фидар кæнæд, – зæгъы Неля.

Иу амонд ма кастис хæдзары 'фсинмæ: лæппутæ куы бахъомыл сты, уæд сæ номыл хорз чындзытæ æрбахызт йæ къæсæрæй. Хи чызджытау лæггад кæнынц сæ дзæбæх æфсинæн **Гайты Ингæ** æмæ **Гуыриаты Викæ**. Дыууæйæ дæр суадаггаг чызджытæ сты.

– Фыццаг бонæй фæстæмæ кæрæдзийы æмбаргæ цæрæм. Бузныг сæ ныййарджытæн – уыдоны хæдзарæй рахастой æгъдау, æфсарм, сæрæндзинад. Хорз фæтк мын баззад мæхи æфсинæй, алы Хуыцаубоны дæр нæ хæдзары вæййы æртæ чъирийы. Иумæ стырæйчысылæй æрбамбырд вæййæм. Кæддæриддæр нæ цæхх, нæ кæрдзынимæ æхсызгонæй сæмбæлæм уазджытыл, – загъта нын Неля.



Сылгоймаг лæвар кæны цард, хъомыл кæны фидæны фæлтæрты, йæ сывæллæттæн бауарзын кæны Райгуырæн бæстæ, æгъдæуттæ, цæстыгагуыйау хъахъхъæны йæ бинонты сабыр цард æмæ амонд. «Кæрæдзийæн хатыр кæнын хъæуы», – фæдзæхсы сылгоймаг йæ кæстæртæн.

Брытъиаты хуызæн фæзминаг бинонтæ бирæ ис Суададжы. Сæ фидæн рæсугъд æмæ амондджын уæд!

**ГУГКАТЫ Жаннæ,**
**къам систа Татьянæ**
**ШЕХОДАНОВА**

Редакцийы уазæг

# «Мæхи куыстæй иуварс нæ ластон...»

**Райсомæй куыстмæ редакцимæ цæугæйæ мыл Мыхуыры хæдзары раз амбæлди асæй рæстæмбис, къæсхуыртæ карджын лæг. Мемæ ма уыдысты ме 'мкусджытæй цалдæр сылгоймаджы. Нæлгоймаг сын дуар уæрæх байгом кодта, бахизут, зæгъгæ, стæй мæнмæ дæр ацамыдта, цæмæй бацæуон. Куыддæр мæм аив нæ фæкасти хистæры разæй къæсæрыл бахизын, æмæ йын загътон, раст нæ уыдзæн уый, уæддæр мæ иу бон хистæр дæ, зæгъгæ. Бацыди лæг мидæмæ, стæй мæм разылди æмæ фæлмæн бахудти: «Æгæр æрыгон мæ скодтай, мæнæ мыл сæрды хъуамæ сæххæст уа дæс æмæ цыппарыссæдз азы...» Бацамыдта мын йæхи – Хуссайраг поселочы цæрæг РÆМОНТЫ Илья.**

Æз бадис кодтон – нæлгоймагæн бакастæй уый бæрц азтæ нæ раттаис... Куыд мын загъта, афтæмæй хъуыддаджы фæдыл æрбацыди нæ сыхæгтæм – газет «Северная Осетия»-йы редакцимæ. Ракуырдтон дзы, цæмæй уый фæстæ «Рæстдзинад»-ы редакцимæ дæр фездæха.

Нæ фæсайдта Илья, æрбацыди нæм. Ракодта мын йæ хабæрттæ. Райгуырди 1936 азы Дур-Дуры хъæуы. 1967 азы каст фæци Ростовы облæсты Новочеркасскы хъæууонхæдзарадон институты ветеринарон факультет. Ахуыры фæстæ сыздæхт фæстæмæ Ирыстонмæ, райдыдта кусын йæ дæсныйадыл, фыццаг – Алагиры районы совхоз «Коммунист»-ы, уыцы азты йын разамынд лæвæрдта Челдыты Валодя, фæстæдæр та куыста совхоз «Æрыдон»-ы æхсырытоварон фермæйы. Дæс азы бæрц разамынд лæвæрдта Мæздæджы районы хуытæдарæн егъау комплексы ветеринарон службæйæн дæр. Бирæ хæттыты йын саккаг кодтой Кады гæххæттытæ æмæ æхцайы премитæ, советон дуджы хорзæхджын æрцыди ССР Цæдисы ветеринарон службæйы раззагдæрты майданæй.



РÆМОНТЫ Илья йæ цардæмбал Иринæимæ

Фосы дохтырæй Илья бакуыста 46 азы бæрц. Уыцы дæсныйадыл хæст у йæ чызг **Виктория** дæр, фырт **Альберт** та ссис хъæды хæдзарады специалист. Илья йæ бинойнаг, хъазахъхъаг чызг **Казначеевская Иринæимæ** базонгæ, Новочеркасскы институты ахуыр кæнгæйæ, бауарзтой кæрæдзийы, сфæнд кодтой сæ цард баиу кæнын. Схуыдта Илья чызджы Ирыстонмæ, фæцыдис йæ мад Цъакъоон Батийы зæрдæмæ. Иринæ архайдта, æнæзонгæ адæмы 'хсæн цы уагæвæрд, фæтк æмæ æгъдæуттæ æвæрд уыд, уыдон бæстондæр базоныныл, ахуыр кодта æвзаг дæр. Æмæ йын бантыст – Илья куыд зæгъы, афтæмæй æртæ мæймæ, йæхæдæг куыд дзуры, афтæ дзæбæх дзырдта Иринæ дыгуронау. Сылгоймаг бирæ азты фæкуыста Æрыдоны æмæ Мæздæджы ветлабораторийы директорæй.

«Бакастæй дын уыйбæрц азтæ зынтæй ратдзынæ, – бафиппайдтон æз, – æвæццæгæн, дæхи хъахъхъæнын зыдтай – нозтæй, тамакойæ, æндæр нæбæзгæ хабæрттæй?»

– Тамако никуы дымдтон, ничердыгæй мæ хъуыди. Уæдæ нозтмæ дæр æмхиц никуы уыдтæн – абон дæр æмæ раздæр дæр. Стæй суанг æвзонгæй фæстæмæ дæр куыстæй мæхи иуварс нæ ластон, хъæуккаг цард змæлын æмæ иудадзыгдæр истытæ архайын домы, – зæгъы Илья.

Рæмоны-фырт ма мын радзырдта – ис ма йын æндæр ном дæр – Ехья. Цæвиттон, фарастмæйдзыдæй тынг фæрынчын, дыууæйыл уыдис йæ фервæзын. Уыцы уысмы сæм æрбахаудта уазæгуаты иу лæг Лескены хъæуæй. Рынчын сывæллонмæ куы 'ркаст, уæд ын йæ ныййарджытæн бафæдзæхста, цæмæй ма йыл сæвæрой æндæр ном дæр – Ехья. Уыцы бонæй фæстæмæ саби йæ чемы цæуын райдыдта, æрдзæбæх.

– Куы байрæзыдтæн, уæд мын мæ мад Бати иу хатт загъта, ома, дыууæ номы дыл ис, æмæ дыууæ хатты фылдæр фæцæрдзынæ, – мысы Илья. – Æмæ æцæгæйдæр афтæ рауади – Хуыцауы фæндæй, дзæвгар азтæ мыл цæуы.

Нæ фембæлды рæстæг æй йæ дæсныйады æууæлтæ æмæ хицæндзинæдтыл куыд нæ бафарстаин куыд советон дуджы рæстæгæй, афтæ абон дæр.

– Æппæты фыццаг, фосы дохтыры куыст у тынг ахсджиаг æмæ хъæугæ – уыдоны рынтæ дæр, адæймаджы низтæ дзæбæх кæнын куыд хъæуы, уый домынц. Кæннод нæ уыдзæн æхсыр, цыхт, дзидза, царв, æндæр ахæм хæлц. Нæ фыдæлтæ фос хуыдтой «зæрдæйы сой», æмæ уый раст у. Советон дуджы ветеринары куыстæн паддзахад стыр аргъ кодта, æххуысхъуаг сæ ницæмæй уагъта: цы – хостæй, цы – методикон æрмæгæй, цы – куысты аккаг фадæттæй. Стыр æргом здæхт цыди, профилактикон мадзæлттæм. Мах афæдз дыууæ хатты бæстон бæрæг кодтам хъомты уавæр, истам туг, кодтам вакцинаци. Ящур кæй хонынц, фосы уыцы рынæй бахизыны тыххæй фермæтæм бацæуæны æнæмæнг уыдис сæрмагонд дезинфекцигæнæн бынæттæ, стæй мидæгæй дæр, фосдоны, æмæ дзы æддæмæ дæр рацæуæн нæ уыди, тынг карз цæстдард, иу ныхасæй. Æмæ ахæм мадзæлттæн уыди пайдайаг фæстиуджытæ. Ныр, хъыгагæн, ахæм уавæр алы ран нал и. Уæлдай тынгдæр æххуысхъуаг æййафынц, хæдзæртты фос чи дары, уыцы цæрджытæ. Æмæ уыцы хъуыддаг азæйазмæ тынгæй-тынгдæр бæрæг кæны – хъæуты адæммæ фосы нымæц зынгæ къаддæр фæци... Бар-æнæбары сæ пайда кæнын хъæуы æлхæнгæ урсаджы хæлцæй... Хæдзарон хъуджы æмæ уыцы æхсыр та кæрæдзиимæ абарæн нæй. Хъыгагæн, фæсивæд дæр фосы куыстыл стырзæрдæ кæнынц, – ахæм хабæрттæ мын ракодта ветеринарон куысты раздæры фæлтæрдджын кусæг Рæмонты Илья.

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

Спортивон фидиуæг



Дзюдо

# Ирыстоны чемпионат рауад зæрдæмæдзæугæ

**Хæххон-аграрон университеты спортивон галуаны дзюдойæ ацыдысты РЦИ-Аланийы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ хистæр æмæ æрыгон (2012-2013 азты гуырд) спортсменты 'хсæн.**



Аслæгты чемпионаты чи архайдта, уыдонæн сæ фылдæр уыдысты фæсивæдон (23-азæй кæстæр) кары, нырма сын бар ис фæсивæды ерысты архайынæн. Уый тыххæй сын республикæйы чемпионат уыд хъæугæ мадзал сæхи 16 апрелы Налцыччы цы Уæрæсейы чемпионат цæудзæн фæсивæдон кары (23 азы онг) дзюдоисттæн, уырдæм бацæттæ кæнынæн.

Ерыстæ цы авд уæзы цыдысты, уыдон рауадысты цымыдисаг. Нæлгоймæгты 'хсæн алы уæзы дæр фыццаг бынат бацахсыныл цыди хъазуатон тох.

Æппынфæстаг Ирыстоны чемпионтæ систы: 60 кг – **Саулаты Сослан** (йæ тренер – **Мæргъиты Мераб**), 66 кг – **Гобозты Хетæг** (**Золойты Мæхæмæт**), 73 кг – **Кæлухты Аслæнджери** (Мæргъиты Мераб), 81 кг – **Хæллаты Хетæг** (**Батиаты Ибрагим**), 90 кг – **Джамбулат Унагасов** (**Айларты Ирбег**), 100 кг **Абайты Артур** (Мæргъиты Мераб), +100 кг – **Хуыбылты Ацæмæз** (**Хъыргъаты Руслан**).

Сылгоймæгты чемпионаты 1-аг бынæттæ рамбылдтой: 48 кг – **Хæмæтхъуаты Аминæ** (тренер – Айларты Ирбег), 52 кг – **Джусойты Аланæ** (**Золойты Мæхæмæт**), 57 кг – **Гуытъиаты Миленæ** (**Гæбæраты Автандилд**), 63 кг – **Дзæгъойты Дзерассæ** (**Куыдзиаты Сослан**), 70 кг – **Карсанаты Виктория** (Куыдзиаты Сослан), 78 кг – **Джиоты Аделинæ** (**Джиоты Павел**) +78 кг – **Æгъуызарты Миленæ** (Золойты Мæхæмæт).

Уыдонæй уæлдай ма бæрæггонд æрцыдысты Ирыстоны фыццаг æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ æрыгон (2012-2013 азты гуырд) лæппутæ æмæ чызджыты 'хсæн.

Кæстæр кары дзюдоистты ерыстæ арæзт æрцыдысты РЦИ-Аланийы дзюдойы Федерацийы фыццаг президент Æлбегонты Хасанбеджы ном арынæн.

Чызджыты ерысты 1-аг бынæттæ бацахстой: 30 кг – **Туаты Ангелинæ** (тренер – **Хуыгаты Витали**), 33 кг – **Гæззаты Мария** (Айларты Ирбег), 36 кг – **Хадыхъаты Нинæ** (**Цопбойты Сослан**, 40 кг – **Гæбæраты Никæ** (Золойты Мæхæмæт), 44 кг – **Гобозты Алдæ** (Золойты Мæхæмæт), 48 кг – **Малиты Мæдинæ** (**Хуыгаты Витали**), 51 кг – **Диакъонты Миланæ** (**Абдулаев Шамиль**), 57 кг – **Хуыгаты Алинæ** (**Хъоцыты Таймураз**), 63 кг – **Гæбулты Алинæ** (Цопбойты Сослан),+63 кг – **Харебаты Аннæ** (**Гæбæраты Витали**).

Ацы кары лæппуты ерысты фыццаг бынæттæ рамбылдтой: 34 кг – **Максим Осипов** (тренер – Хуыгаты Витали), 38 кг – **Махъоты Зураб** (**Золойты Чермен**), 42 кг – **Джамалдин Мурцалов** (Александр Швецов), 46 кг – **Куыдзиаты Азæмæт** (Айларты Ирбег), 50 кг – **Козаты Илья** (**Туаты Сослан**), 55 кг – **Дзугаты Руслан** (Хъоцыты Таймураз), 60 кг – **Мæргъиты Давид** (**Сарахъаты Станислав**), 66 кг – **Хæмыцаты Георги** (Хъыргъаты Руслан), 73 кг – **Туриашвили Тимур** (Швецов Александр), +73 кг – **Рæмонты Тимур** (Айларты Ирбег).

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ хорзæхджын сысты кубоктæ, майдантæ, грамотæтæ, дипломтæ æмæ æхцайы лæвæрттæй. Уыцы хъуыддаджы ерыстæ сараджытæн хорз баххуыс кодтой «Дзюдойы райрæзты фонд»-ы минæвæрттæ **Дзасохты Алан, Хъæцмæзты Давид** æмæ РЦИ-Аланийы дзюдойы федерацийы президент **Дзæгъойты Зауыр**.

Спорты сгуыхт мастер, Уæрæсейы дзюдойы федерацийы вице-президент **Тменаты Тамерлан** ерысты ацыды тыххæй загъта: «Мах ацы чемпионат æмæ кæстæрты ерысты федтам, курдиатджын кæстæртæ нæм кæй ис, уый. Се 'хсæн ис, нæ зындгонд дзюдоисттæ **Тасойты Инал, Коцойты Зелим, Таймазты Мæдинæ** æмæ нæ иннæ хъуыстгонд спортсменты фæстæ уыцы бæрзæндтæм чи тырндзæн, ахæм лæппутæ æмæ чызджытæ. Арфæйы аккаг сты ацы фæсивæд, цæмæй размæ цæуой, уый тыххæй сын чи баххуыс кæна, уыдон. Æнæмæнг, чемпионат æмæ кæстæрты ерыстæ фæцыдысты спортуарзджыты зæрдæмæ».

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## ХУЫТЪИТЫ А.П.



Йæ царды 89-æм азыл ахицæн Ирыстоны кадджындæр фырттæй иу, Советон Цæдисы Паддзахадон премийы лауреат, техникон наукæты доктор, æрдзон газы промышленносты Кадджын кусæг Хуытъиты Петры фырт Алыксандр.

Алыксандры ацыд йæ цардæй уæззау хъæдгом у йæ бирæ æмкусджытæ æмæ республикæйæн дæр. Уыд дзырддзæугæ зондамонæг, йæ куыст зæрдиагæй чи æххæст кодта, ахæм.

Хуытъиты Петры фырт Алыксандр райгуырд 1937 азы 25 майы Дигорайы. Йæ фæллойадон фæндаг райдыдта мастерæй æмæ сси кондадон хайады сæйраг инженер æмæ сæргълæууæг. Йæхи дæсны организаторæй кæй равдыста, уый тыххæй йæ 1972 азы снысан кодтой тресты разамонæгæй.

1974 азы Алыксандр нысангонд æрцыд «Главнефтегазстрой»-ы сæйраг инженерæй. 1987 азы разамынд лæвæрдта «Главнефтегазпромстрой»-æн, 1996 азы сси гом акционерон æхсæнад «Нефтегазпромстрой»-ы генералон директор. Йæ дæсны разамындæй Оренбурджы арæзт æрцыдысты газы æфтиаг æмæ йæ рацаразыны егъаудæр промышленнон куыстуæттæ, ноджы ма Карачаганак, Астрахань, Тенгиз æмæ æндæр газгуырæн бынæттæ. Алыксандр разамынд лæвæрдта магистралон газопровод «Уренгой – Помары – Ужгород» æмæ Башкиры АССР-йы нефть агурæн бынæттæ аразгæйы куыстытæн. Советон Цæдисы Нефть æмæ газы промышленносты куыстуæттæ аразыны министрады кусгæйæ, Хуытъийы-фырт стыр æвæрæн бахаста Цæгат Ирыстоны районтæм газ бауадзыны хъуыддагмæ. Уыцы хъуыддаг йæхицæн нымадта йе стырдæр хæсыл йæ чысыл райгуырæн бæстæйы раз.

Фæлæ йæ удыхъæды хорздзинадæн канд йæ куысты бæрæггæнæнтæ нæ уыдысты æвдисæн. Техникон наукæты доктор уæвгæйæ, уыд бирæ æрхъуыдыгонд техникон фæрæзты автор. Йæ хъуыдытæ алкæддæр баст уыдысты адæмы æнцойдзинад æмæ æдасдзинадимæ.

Йæ фæлллойадон сгуыхтдзинæдты тыххæй Алыксандр хорзæхджын æрцыд кадджын паддзахадон хæрзиуджытæй: ордентæ «Кады Нысан», «Фæллойы Сырх Тырыса» æмæ «Адæмон хæлардзинад»-ы ордентæ, майдантæ «Фæллойы ветеран», «Газы промышленносты Кадджын кусæг». 1981 азы йæ бавæрæн наукæ æмæ техникæмæ бæрæггонд æрцыд советон эпохæйы кадджындæр хæрзиуæг – Советон Цæдисы Паддзахадон премийæ.

Хуытъиты Петры фырт Алыксандры рухс ном, гражданин, патриот, хъазуатон фæллойгæнæг, æнустæм цæрдзæн йе 'мзæххонты, хорз æй чи зыдта, уыдоны зæрдæты.

**С. МЕНЯЙЛО**
**ТУСКЪАТЫ Т.,**
**ДЗАНАЙТЫ Б.**

Кадджын уавæры

# Зындгонд конструкторæн – мемориалон фæйнæг

**Кæд нæ номдзыд æмзæххон, космосон аппаратты конструктор, Советон Цæдисы паддзахадон премийы лауреат Къомайты Руслан йæ цардæй къорд азы размæ ахицæн, уæддæр йæ хъуыддаг цæры. Рæзгæ фæсивæды разæнгард кæны космосимæ баст зонындзинæдтæ райсынмæ, бирæтæ дзы сæхи къухтæй алыхуызон аппараттæ аразын дæр фæлварынц.**




Ногиры фыццæгæм скъолайы кадджын уавæры байгом кодтой мемориалон фæйнæг космосон зындгонд конструкторæн. Ацы ахуырадон артдзæсты скъоладзауты стыр къорд тырны космосимæ хæстæгдæр базонгæ уæвынмæ. Уымæн æвдисæн – разæнгард æмæ хъæппæрисджынæй кæй архайынц алыхуызон конкурстæ æмæ, зонындзинæдты алы къабæзтæй фарстытæн дзуаппытæ раттын кæм хъæуы, ахæм хъæзтыты, æмæ алы хатт дæр вæййынц уæлахиздзауты рæнхъыты. Мемориалон фæйнæг сарæзта скульптор **Цхуырбаты Олег**.

Амæй размæ уый космонавтикæйы скъолайæн балæвар кодта Къомайты Русланы бюст.

Къомайты Руслан 45 азæй фылдæр куыста Семен Лавочкины номыл наукон-арæзтадон иугонды: райдыдта мастерæй æмæ сси генералон директоры фыццаг хæдивæг. Йæ разамындæй сарæзтой æмæ бафæлвæрдтой 500 космосон аппаратæй фылдæр. Къомайты Русланы хъæппæрисæй фадат фæцис Дзæуджыхъæуы планетари сног кæнын æмæ Космонавтикæйы скъола байгом кæнынæн. Абон уый хæссы йæ ном. Нырæй фæстæмæ йæ ном хæсдзæн Ногиры скъолайы 8-æм кълас дæр.

**БУТАТЫ Азæмæт**

Æдасдзинад

# Ахуыртæ – рæзгæ фæлтæрæн



**Фæндæгтыл æдасæй цæуыны пропагандæйы инспектор Хъойбайты Ингæ Дыгуры районы автоинспекцийы кусджытимæ Дигорайы парчы сарæзтой, «Будь видимым», зæгъгæ, профилактикон мадзал. Бынат хуымæтæджы æвзæрст не 'рцыд, хъарм бонтæ ралæууыдысты æмæ ардæм сывæллæттæ æнæхъæн районæй дæр æрбамбырд вæййынц.**

**Рæзгæ фæлтæримæ ныхасы рæстæг инспектортæ сывæллæтты æргом аздæхтой фæндæгтыл æдасдзинады уавæрмæ, велосипед æмæ автомобилы цæуыны, уæлæдарæс, хызынтæ æмæ рифтдзæгтыл, изæрыгон рухс чи дæтты, ахæм аксессуартæй пайда кæныны фарстатæм.**

*Дыгуры районы мидхъуыддæгты хайад*

Уыдис ахæм цау

# Йæ ленк сси таурæгъон

**Эрик Муссамбанийы истори райдыдта хуымæтæг хъусынгæнинагæй радиойæ. Экваториалон Гвинейы агуырдтой адæм олимпиаг иумæйаг командæйæн ленк кæнынæй: паддзахадæн раттой Æхсæнадæмон олимпиаг комитеты (МОК) сæрмагонд квотæ. Эрик уыцы хъусынгæнинаг фехъуыста æмæ æрбацыд, уыцы ранмæ.**



Ерыстæм йæхи цæттæ кæнын райдыдта, Олимпиадæмæ ма æртæ мæйы куы хъуыд, уæд. Æппæты диссагдæр та уый уыди, æмæ лæппу 50 метры дæргъæн бассейны никуы ленк кодта: йæ бæстæйы ахæм иу дæр нæ уыдис.

2000 азы Сиднейы Олимпиадæйы рацыд уæгъдибар хуызæй 100 метры ленк кæныны стартмæ. Йæ дыууæ ныхмæлæууæджы мæнг старт скодтой, æмæ сæ ерыстæй систой. Афтæмæй доны «фæндагыл» Эрик иунæгæй баззад.

Тынг зынтæй ленк кодта. Къорд хатты-иу æй æрлæууынмæ бирæ нал хъуыд, доны сæр тыххæй лæууыд, фæлæ, йæ хъарутæ æрæмбырд кæнгæйæ, дарддæр тæлфыд, размæ цыд. Æмæ æваст фесæфтысты сикъундтæ, техникæ, бæрæггæнæнтæ, хатдзæг. Баззад ма, йæ фæстаг тыхтæй йæхи кæронмæ чи сарæзта, уыцы адæймаг.

Æппынфæстаг, финишыл куы бамбæлд, уæд æппæт зал дæр сыстад. 17 мин адæймаджы æмдзæгъд кодтой, рекордæн нæ, фæлæ – хивастдзинадæн. Идеалон ленкæн нæ, фæлæ йæ диссаджы хъайтардзинадæн.

Цы рæстæг равдыста, уый Олимпиадæйы историйы уыдис æппæты сындæгдæрыл. Фæлæ лæппуйы уыцы ленк сси таурæгъон, афтæ фæзынд Eric the Eel – Эрик-угорь.

Хъæзтыты фæстæ Муссамбани сси йæ бæстæйы хъайтар. Экваториалон Гвинейы райдыдтой ленк кæнынæн мадзæлттæ аразын, фæзынди дзы бассейнтæ. Эрик йæхæдæг та фæстæдæр сси тренер.

Ацы историйæ скæнын æмбæлы æрмæстдæр ахæм хатдзæг: таурæгъты дзуринаг, ерысты, кæнæ царды æндæр уавæрты фыццаг чи æрбацæуы, уыцы адæймаг не свæйийы, фæлæ арæхдæр – йæ бон баленк кæнын кæмæн свæййы, цæлхдуртæ ницæмæ даргæйæ, уый.

**Æрмæг бацæттæ кодта**
**МАГКАТЫ Стеллæ**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

РЦИ-Аланийы Журналистты цæдис, газеттæ «Рæстдзинад», «Северная Осетия», «Дигорæ», «Слово»-йы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц бинонтæ æмæ хæстæджытæн, УФ-йы Журналистты цæдисы уæнг

**ТАХЪАЗТЫ**
**Дзантемыры фырт Валери**

кæй амард, уый фæдыл.

Хъойбайты Барисы бинонтæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц бинонтæ æмæ хæстæджытæн,

**ТАХЪАЗТЫ**
**Дзантемыры фырт Валери**

кæй амард, уый фæдыл.

**Обслуживание колонок и котлов.**
**Тел.: 8-961-821-90-88.**

Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2763. Заказ № 365. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**